खुसी के खबर

पर्सा जिल्ला के वीरगंज से नियमित रूपमे प्रकाशित होत आइल 'भोजपुरी टाइम्स दैनिक' पत्रिका अब धनुषा के जनकपुर से भी एके साथ प्रकाशित हो रहल ।

'क' वर्ग के

# भोजपुरी टाइम्स

Bhojpuri Times Daily

दैनिक

नेपाल के एक मात्र भोजपुरी दैनिक पत्रिका

बरीस -६ अंक - १४९ ✡ २०७६ माघ ०२ गते बियफे ✡ Bhojpuri Times Daily ✡ Thursday * January * 16 2020 ✡ मोल रु : ५/-


# थारु समुदाय मे माघी के रौनक, जिराभवानी गाँवपालिका के पकडीटोल मे बृहत कार्जक्रम

**भोटा. संवाददाता/**
**जिराभवानी ०१ माघ,**

संक्रान्ति के पहिलका दिन जिता मारेके, मिठा परिकार खाएके आ माघी नुहाएके थारु समुदाय मे परम्परागत चलन बा ।

थारु समुदाय मे मनावेवाला माघी पर्व मे पुस मसान्त के पहिलका दिन खोला आ नदी मे मछरी मारेके, मसान्त के दिन जिता मारेके (सुँगुर बंगुर मारेके) नयाँ धान कुटा के राखल चाउर के पिसान से बनावेवाला ढिक्री तिलौरी लगायत के परीकार बना के नाचगान करके मिल के खालन । साथे माघे सक्राान्ति के दिन सबेरे खोला भा नदी मे माघी नहाएके आ लगे के मन्दिर मे पूजा करेके परम्परागत चलन भी बा ।

थारु समुदाय के बाहूल्यता रहल मेसे तराइ के बारा, पर्सा, रौतहट, चितवन लगायत प्रदेश नम्बर २ के जिल्ला मे बसोबास करेवाला थारु समुदाय माघे संक्रान्ति के दिन के बडका चाड के रुप मे मनावेलन आ थारु समुदाय माघ के नयाँ बरीस के सुरुवात के रुपमे लेवेलन ।



एहितरे माघी पर्व के अवसर मे जिराभवानी गाँवपालिका वार्ड नम्बर १ पकडीटोल मे बृहत कार्जक्रम आजु पुरा भईल बा । नेकपा पुर्ब सान्सद जय प्रकाश थारू के प्रमुख आतिथ्यता तथा पकडिटोल युवा समाज के अगुवा सुमीत दास के सभापतित्व मे पुरा भईल बा ।

कार्जक्रम मे जिराभवानी गाँवपालिका के उपप्रमुख उषा देबी थरूनी, वार्ड नम्बर १ के सदस्य सोमनाथ सापकोटा, समाज सेवी रामतऔतार पटवारी, सभापती समाज रामसरन खवास, नरेस गुरो शुभनारायन पटेल सुरेश, खवास धनेश खवास कमलेश राय लगायत के लोग स्थानीय पत्रकार बुद्धिजीवी लगायत के सहभागीता रहल रहे । कार्जक्रम के स्वागत मन्तब्य समाजसेवी रामशरण खवास कईले रहनी आ संचालन रामप्रीत महतो कईले रहनी । कार्जक्रम मे थारू समुदाय मे लोप होत जा रहल झमटा नृत्य भी प्रस्तुत भईल रहे। कार्जक्रम मे स्थानिय गायक नेपाली नीरहुवा उर्फ जितेन्द्र राय आ स्थानीय लइकालइकी भी आपन आपन जातिय भेषभुषा मे नृत्य प्रस्तुत कईले रहलन ।

माघी पर्व सँगे थारु जात मे खेतबारी अधिया बटैंया लगावेके, गाँव के बडघर, चौकीदार, गुरुवा, ल्वाहार राखे खातिर खुजनी बुजनी ( पक्कापक्की) करेके परम्परागत चलन अभी पर्सा मे हटल स्थानीय थारू अगुवालोग के कहनाम रहल बा । पर्सा के ऐतिहासिक जिराभवानी गाँवपालिका के वार्ड नम्बर १ के परिसर मे भईल जिराभवनी गाँवपालिका वार्ड नंबर १ पकडिटोल के आयोजक समिति के अध्यक्ष सुमित दास थारु बतवनी । साथे पकडीटोल के जेष्ठ नागरिक बरीस ९० के शिव महतो थारु के प्रमुख अतिथि जयप्रकाश थारु दोसाला ओढा के सम्मान कईले रहनी ।

# नयाँ बरीस आ खिंचडी पर्व वीरगंज मे धुमधाम के साथ मनावल गईल



**भोटा. संवाददाता/**
**वीरगंज ०१ माघ,**

थारू समुदाय के नयाँ बरीस तथा माघी के अवसर मे आजु वीरगंज आदर्शनगर स्थित स्विमिङ पुल परिसर मे खिंचडी एवं माघी महोत्सव पुरा भईल बा ।

पर्सा के थारू समुदाय के सङ्गठन थारू(खिंचडी) माघी मूल समारोह समिति विविध कार्जक्रम करके महोत्सव मनवले बा । सबेरे साढे ११ बजे घण्टाघर से झाँकीसहित थारू भेषभूषा तथा पहिरन मे सजल सहभागीलोग प्रभातफेरी करत स्विमिङ पुल पुगल रहलन । लइकालइकी, युवा, जनानी, पुरुष तथा बुढलोग के उल्लेख्य सहभागिता रहल रहे ।

माघी महोत्सव मूल समारोह समिति के संयोजक तथा थारू कल्याणकारी समिति, महिलासभा पर्सा के अध्यक्ष विजया ओझैया के सभापतित्व मे भईल महोत्सव शुभकामना कार्जक्रम मे बारा, कोल्हवी

(बांकी चौथा पृष्ठमे)

# जिल्ला आयूर्वेद स्वास्थ्य केन्द्रद्वारा योग शिविर



**भोटा. संवाददाता/**
**वीरगंज ०१ माघ,**

जिल्ला आयूर्वेद स्वास्थ्य केन्द्र वीरगंजद्वारा आयोजना कईल ३ दिने योग शिविर आजु पुरा भईल बा । "राष्ट्रिय एकता : योग के सान्दर्भिक्ता" मुल नारा के साथ स्वास्थ केन्द्र वीरगंज मे भईल शिविर पुरा भईल बा ।

नेपाल आयूर्वेद स्वास्थकर्मी

(बांकी चौथा पृष्ठमे)

# माघे सक्रान्ति के अवसर मे यादव परिवार कम्बल बँटलख



**प्रभु यादव/**
**बा**रा ०१ माघ,

मा**घे सक्रान्ति** के अवसर पर १३ वाँ बेर कम्बल बाँटल गईल बा । कलैया उपमहानगरपालीका वार्ड नम्वर १ कलैया गाँव के लक्ष्मी यादव आ श्रीमती राजभरी देवी अहिरीन के आयोजना मे कम्बल बटल गईल बा ।

वार्ड नम्वर १, २ , ३ आ ४ के गरिब, असाहाय, विधवा, दलित आ विपन्न लोग के एक सय ४० जने के कम्बल बाटल गईल बा । कार्यक्रम के प्रमुख अतिथि प्रदेश सभा सदस्य पारस साह दिन दुखीया सब के शितलहर से बाँचेला देहल गईल कपडा कम्बल बहुत सरहनिय रहल बतवनी । आपन निजि कमाई से बँचावल पईसा से खरिद के कम्बल देहल बहुत सरहनिय रहल कहत साह आयोजक दुनु दम्पती लोग के धन्यवाद देहनी । आयोजक यादव आ अहिरनी दम्पती लोग से कईल गईल कम्बल वितरण कार्जक्रम मे विशिष्ट अतिथि कलैया उपमहानगरपालीका के मेयर राजेश राय यादव, जिल्ला समन्वय समिति बारा के उपसंयोजक पवन व्याहुत, वार्ड नम्वर २ के अध्यक्ष राजेश महतो, ब्रह्मराज योग बारा के निर्माला दिदी, सजिर मंसुर, जंगबहादुर यादव, रामधारी यादव, मनोज भट्ट, मुकेश साह, प्रअ नरेन्द्र गिरी पत्रकार सिकेन्द्र पासवान, अनिल गौरो लगायत के लोग कम्बल आ लाई तिलवा के प्रसाद बुढपुरानिया आ गरीब लोग देहनी । आयोजक के घर पर भईल कार्जक्रम के संचालन नमुना मावि कलैया के प्रअ सुगदेव यादव कईले रहनी ।

# लइकालइकी के खातिर लगानी बढावे खातिर राष्ट्रपति के निहोरा



काठमाण्डु १ माघ,

राष्ट्रपति विद्यादेवी भण्डारी भविष्य के जिम्मेवार नागरिक लइकालईकी के खातिर लगानी बढावे खातिर सरकार आ सम्बन्धित पक्ष के

(बांकी तीसरा पृष्ठमे)


खुशीको खबर खुशीको खबर खुशीको खबर

दाँत सम्बन्धि समस्याहरुको लागि अब अन्य शहरहरुमा जानु पर्दैन । वीरगंजको माईस्थान चौकमा रहेको फैमिली डेन्टल केयर एण्ड अर्थोडोन्टिक सेन्टरले दाँत सम्बन्ध सम्पूर्ण उपचार सेवाहरु उपलब्ध छ ।

061-525173

फैमिली डेन्टल केयर

एण्ड अर्थोडोन्टिक सेन्टर


माईस्थान चोक, शिव मन्दिर रोड

डा. प्रमोद सर्राफ सर को क्लिनिक सँगै



A-MAX CINEMA

NOW Showing



Time: 12:00-3:00, 3:00-6:00, 6:00-9:00

Saturday Time: 8:30-11:30

Facilities: Full A/c Hall, HD Picture Quality, Folding Seats, 5.1 Digital Dolby Sound

Contact: Bypass Road Vishwa, Birgunj
www.amaxcinema.com+facebook page A-Max cinema

Mobile no:-9845789971

**प्रकाशक: अजय कुमार चौरसिया**
(९८४५६४२६७५/९८०७१७९३४३)

**सम्पादक :** संतोष चौरसिया | **कार्यकारी सम्पादक :** श्रवण प्रसाद साह

**बारा प्रतिनिधि :** प्रभु यादव (९८४५०३८१५५/ ९८०२९८०५७५)

**कम्प्यूटर ओपरेटर :** रामाशंकर कुमार
**फोटो पत्रकार :** एसएम जहाँगस्त
**कानुनी सल्लाहकार :** दिपक राजभण्डारी, पन्नालाल गुप्ता
**व्यवस्थापक :** जय कुमार यादव

**कार्यालय :**
बीरगंज, पर्सा, (नेपाल)
सम्पर्क नं. : ९८०७१२५६२४, ९८५५०२५६२४
E-mail : bhojpuritimesdaily@gmail.com
मुद्रक: पौडेल अफसेट प्रेस, माईस्थान, वीरगंज

## सम्पादकीय...

# खिंचडी के विधि नियम

माघ महीना के पहिलका दिन आजु सबेरे स्नान, जप, तप, ध्यान, साधना करके घ्यू, चाकु खाके मकर सङ्क्रान्ति (खिंचडी) मनावल गईल बा। सूर्य धनु राशि से मकर राशि मे प्रवेश करेके सङ्क्रान्ति अर्थात् माघ १ गते मकर (माघी) सङ्क्रान्ति के नाम मे आदमी सनातन से कूल परम्परा मे चलल चलन मुताविक ई परब मनावेलन। माघ १ गते से उत्तरायण शुरु होखेवाला भईला से दिन से रात छोटा होत जाला। उत्तरायण शुरु होखेवाला दिन के स्नान, जप, तप, ध्यान साधना, दान आदि के पुण्यदायक मानल जाला। ओहिसे आजु के दिन देवघाट, त्रिशूली, कालीगण्डकी, वाग्मती, इन्द्रावती, त्रिवेणी, रिडी लगायत के जगहा मे माघ स्नान करेवाला भक्तजन के भीड लागल रहे।

तराईवासी माघ १ के नहान पर्व के रुप मे मनावेलन। एहितरे थारु समुदाय नयाँ बरीस के रुप मे माघी नाम से ई परब मनावेलन। एहितरे मगर आ छन्त्याल जात के आदमी भी आजु नयाँ बरीस के रुपमे माघी परब मनवले बाडन। थारु समुदाय बरीसभर अनेकन काम के नेतृत्व करेवाला गाँव के अगुवा लगायत अनेकन पद के चयन लोकतान्त्रिक विधि से आजु से करेलन। ई समुदाय मे आजु कईल सहमति अकाट्य होखेके मान्यता भी रहल बा। माघ १ गते स्नान के विधि सभी क्षेत्र एवं जात के आदमी मे समान रुप मे रहल मिलेला। सबेरे तीर्थस्थल मे जाके स्नान करके तिल दान कईला से सोना दान कईल जइसन पुण्य प्राप्त होखेके धार्मिक विश्वास बा। धर्मसिन्धु मे माघ १ मे घ्यू, चाकु, तिल के परिकार, खिचडी ना खाएके, दान ना करेके, जलाशय मे जाके स्नान ना करेवाला, ध्यान ना करेवाला आदमी जीवनभर रोगी होखेके उल्लेख कईल धर्मशास्त्रविद् एवं नेपाल पञ्चाङ्ग निर्णायक समिति के अध्यक्ष प्रा डा रामचन्द्र गौतम बतवले बानी।

आजु के दिन देह मे तिल के तेल से मालिस कईला पर दूषित पदार्थ बाहर निकलेला कहके विश्वास बा। देह के कलाई, स्नायुमण्डल आ हड्डी के तिल के तेल मालिस से सुदृढ आ स्वस्थ राखे सकेके आयुर्वेद शास्त्रीय मान्यता बा। जाडा महीना मे घ्यू, चाकु, तरुल, लड्डु, तिलौरी जइसन परिकार खईला पर गर्मी होखेके साथे देह मे स्वास्थ्य मे सकारात्मक प्रभाव पारेवाला भईला से पर्व के मानव स्वास्थ्य से भी जोड के देखल जाला।

# भोजपुरी में बड़ा रस बा

रत्तिया घुँघुँचिये के न होले। जंगल सब काटि लिहल, बचल(खुचल में जवन गाछि होबो करी त के चीन्ही? अब सब पेड़ नाहीं चीन्हत बा, पेड़न के जीव चिन्ह्ऽता, ओकर जीवकोस जूड़ में रखता। भला एह गुंजाह के पूछी। हमरे लेखा गुंजा थाती के लरिकाई के, रेखिभिनाई के, बन(बन बिहरे वाला किसोर(कन्हइया के, दूसर केहू एकर मोल का जानी? दूसर मान लेईं मिलू जाय, ओके कहाँ मिली लरिकाई, कहाँ मिली पहिला फगुनहट के सिहरन, कहाँ मिली 'मनेर मानुस'! मन के मीत के हियरा से हियरा जुड़ाइब। अपने पंचनि गुंजा के चीन्हा पूछबि से जवने के हाथ में लेते सज्जी नकली चिन्हारी उतरि जाय, ऊहे हमार गुंजा होई। अपने पंचनि ई चमक(दमक वाली चिन्हारी उतरवावे के जोखिम लेबे ना करब। एसे काहें देई? आप लोगन के दू ठो मीठि(मीटि बात एही बहाने सुने के मिलल, एतनो मिलत जाय, नकलिए सही, फूल(पाती जूनी(जूनी लोग चढ़ावेला, भितरे(भितर हँसी छुटेले। सोचीलें, लोग पाथर ढेला नाहीं फेंकऽता, ईहे कम बा? टटका फूले के तरसला के जरूरत नाहीं बा। टटका किछु रहि नाहीं पावऽता।

आप सब कहब आगे बढ़े बदे ई बलिदान करे के परेला, रथ के नीचे जाने केतना लहलहात फसिल कचरा जाले, केतना गीति केतना पुरइन के चउक, केतना नान्ह(नान्ह जीव कचरा जाले, रथवा वेग से चलावे में के देखी कि का कचराता, आगे बढ़ला के काम बा, रुकला के नाहीं। आपके बाति एक सौ एक नया पइसा सही, बाकिर हमके सोचे त देबऽ न, कवनो अउरो राह होई जवन मनई बनाई, सबके गुंजाइश राखी, ओपर रथवो दउराई त सब बँचलो रही, बचले भर नाहीं रही, ऊ सब रथ के सजवले रही, कब्बो रथ के बनावट बनि के, कब्बो रथ पर चढ़ेवाला के सोभा बनि के, कब्बो ओकरे मन के उमंग बनि के। ओकर चिन्ता अपने पंचनि नाहीं करब, खाली सिनेमा के तरह ही बनब, खाली अपने लोटवा में गुड़ फोरब, भोजपुरी के लेके आंदोलन करब, भोजपुरी के भितरे कवनो नकारे वाला बा, ओकर सुर सुनबे ना करब, खाली 'बलम लरिकइयाँ' के गीति गवाइब आ मने मन सोचब, 'भोजपुरी में बड़ा रस बा।'

बाति बढ़वले में का बा, एही जा बतिया समेटऽताटीं। राधाजी के मानिक जमुना के माटी में हेराइल आ घाँटो गावे वाला गवलें, 'मानिक मोर हेरइलें, एही जमुना के मटियाँ'। हमार घुंघुची त माटी में हेराइल नाहीं, ऊ त जवन बयारि बहऽतिया ओही में एतना चीकट धुआँ बा, गन्होर बा, एतना कउवारोर बा, ओही में कतहूँ हेरा गइल। आपन दीदा खोईं तब त हम अँखिगर लोगन के आगे आपन दुःख कहीं। कब्बो न अइसन होई कन्हइया, घुंघुचिया के माला पहिरे बिना बँसुरी बजावे के तइयार नाहीं होबऽ, खोजि हेरि के घुंघुची उनके गँटई में डारहीं के परी, ओनकर बँसुरी बाजी, हमरो चिन्हारी मिली जाई। जमुना तट बेनु बजावत स्याम सुनाम हमारो हू टेरि फिरैंगे।

एक दिना नहिं एक दिना कबहूँ दिन वे फिरि फेरि फिरैंगे।हम भोजपुरी धरती क सन्तान, ओकरे धूरि(माटी, हवा(बतास में अँखफोर भइनी। हमार बचपन आ किशोर वय ओकरे सानी(पानी आ सरेहि में गुजरल। भोजपुरी बोली-बानी से हमरा भाषा के संस्कार मिलल, हँसल(बोलल आ रोवल(गावल आइल। ऊ समझ आ दीठि मिलल, जवना से हम अपना गँवई लोक का साथे, देशो के इतिहास भूगोल समझनी, आनो के आपन मननी। संग(साथ का सामूहिक उतजोग से पारस्परिकता के भाव जगल। जीवन(संस्कृति के लूर(सहूर सिखनी हमरा एह व्यक्तित्व का निर्मान में पहिल भूमिका भलहीं हमरा माई(बाप, सगा(सम्बन्धी चाचा(चाची, मामा(मामी, फुआ, ईया(बाबा क रहे, बाकिर ओहू अनगिनत लोगन के रहे जे समय समय पर भाई, गुरु, सँधतिया, हीत(मुदई बनि के मिलल। आपन धरती, हवा(पानी, डँड़ार(सिवान, नदी(ताल, बाग(बन आ बोली(बानी केकरा ना रास आवे, केकरा ना रुचे। हमरो अपना ओह सगरे क गरब(गुमान बा, जवन हमरा के रचलस(ओरिचलस।

इस्कूल, कालेज, विश्वविद्यालय में पढ़ला(लिखला(सिखला के जेवन मोका मिलल, ओहू क क्षेत्र, भोजपुरिये रहे - याने गाजीपुर, बलिया, बनारस। हमार माई सिवान (बिहार) जिला के रहे, जवना कारन हमरा में भोजपुरी लोक के ऊ सोगहग संस्कार आइल, जवना में लोक(संस्कृति के जियतार विस्तार आ गहिराई के अनुभूति(प्रतीति भइल। पोथी ज्ञान खातिर हिन्दी, अंगरेजी, संस्कृत जइसन प्रचलित भाषा हमरा शिक्षा क माध्यम जरूर रहे, बाकि ओह सबसे सटल आ ब्यौहारिक रूप से जुड़ल उर्दुओ के शब्द ज्ञान कामे आइल। हमरा उच्च शिक्षा में निजी रुचि का कारन साहित्य पढ़े के रहे, एहसे अवधी, ब्रजी, मैथिली, राजस्थानी आदि भाषा( सब के जाने(समझे के अवसर मिलल। ओइसे गोसाईं तुलसीदास के रामचरित मानस त हमरा भाषा(समाज के ब्योहारे में रहे बाकि हिन्दी साहित्य पढ़े में, एह सब लोक(भाषा के विस्तार आ गहिराई के थोर(बहुत थाहे आ ओमे पँवरे के संजोग भेंटाइल। बड़ जेठ क नेह(प्रीति, असीस(प्रोत्साहन मिलल त दीठि आ समझ के फइलाव भइल।

ओह समय भोजपुरी, अवधी, ब्रजी, बुन्देली, राजस्थानी, पंजाबी वगैरह के हिन्दी से कवनो भेद दुराव ना रहे, बुझाव जइसे सब हिन्दिये के हऽ आ हिन्दिया सिखावे(पढ़ावे वाला लोगवा एह सबके हिन्दिये क माने। थोर(बहुत संस्कृत, पालि, अपभ्रंश, अवहट्ठ आदि पुरनकी भाषा सब के शब्दवा अटपट आ दुरूह जरूर लागे, बाकि ई खूब नीक से बुझाय कि एकरा जनला बिना हिन्दियो क जानकारी ना पूर होई। अभी हे दे ले हमनी के, अपना माई(भाषा में लिखत पढ़त, कुछ हिन्दियाइन लोग का उपेक्षा(तिरस्कार का बावजूद ईहे बूझत रहनी कि सब मिला के एक्के हवे। थोर(ढेर अन्तर का बादो, एह देश का लोकतंत्र में सब भाषा के बिकसे बढ़े क समान अधिकार आ अवसर बा।

भोजपुरी भा राजस्थानी वाला लोग, अपना साहित्य आ बोलनिहार(संख्या का दिसाईं सबल भइला का बावजूद अपना के, एह समानता के अवसर से वंचित बूझत बा। एकर कारन, ऊ भेदभाव आ बरकाव बा, जवना में कवनो बड़(बरियार भाई अपना छोटका पर, आपन बर्चस देखावेला आ रोब झाड़ेला। - अजोरिया

## सामाजिक .........

प्रदेशसभा सदस्य बेची लुङ्गेली, डिल्लीप्रसाद उप्रेती, राष्ट्रियसभा के उम्मेदवार तुलसा दाहाल, राधेश्याम पासवान, सर्लाही के प्रमुख जिल्ला अधिकारी मोहनराज जिसी, सभी नगरपालिका तथा गाँव पालिका के प्रमुख तथा उपप्रमुख के साथे पार्टी के अनेकन तह आ तप्का के नेता तथा कार्यकर्ता के सहभागिता रहे। एहितरे वाग्मती प्रदेश के मुख्यमन्त्री डोरमणि पौडेल नेपाल मे एक समुदाय से मनावेवाला पर्व के दोसर समुदाय से सम्मान करेके प्रचलन रहल बतवले बानी। मकर सङ्क्रान्ति, माघी जइसन नाम मे मनावेवाला अनेकन समुदाय के प्रमुख चाड के रूप मे रहल माघे सङ्क्रान्ति के अवसर मे आजु एगो शुभकामना सन्देश प्रकाशन करके उ नेपाल के विविधता के बीच मे एकता भईल देश के रूप मे व्याख्या कईले बानी।

स्वदेश तथा विदेश मे रहल नेपाली दिदीबहिन तथा दाजुभाइ मे सुस्वास्थ्य, सुख, शान्ति, समृद्धि आ उत्तरोत्तर प्रगति के कामना सहित माघे सङ्क्रान्ति के शुभकामना व्यक्त कईल गईल बा। "नेपाल बहुजातीय, बहुभाषिक, बहुधार्मिक आ बहुसांस्कृतिक विविधता के बीच एकता भईल देश ह", सन्देश मे कहल गईल बा। 'माघे सङ्क्रान्ति', 'मकर सङ्क्रान्ति', 'माघी' इत्यादी नाम से चिन्हल जाएवाला नेपाली के एक प्रमुख चाड ह। विविध जाति आ समुदाय के बाहुल्यता रहल नेपाल मे माघे सङ्क्रान्ति पर्व सभी से मनावत आईल मिलेला।

तराई के जिल्ला मे मैथिली 'तिला सङ्क्रान्ति' पर्व के रूप मे मनावेलन। तराई मे ई दिन खिचडी, तिल आ चिउरा के लडडु लगायत के परिकार बना के खालन। माघी के थारूलोग के मौलिक संस्कृति से भरल सबसे बडका पर्व के रूप मे लेहल जाला। सांस्कृतिकरूप मे नेपाल मे मनावेवाला हरेक पर्व से विशेष महत्व रहल बा। एक समुदाय से दोसर समुदाय से मनावेवाला पर्व के सम्मान करेके प्रचलन पुराना ह। "हमनी अइसन परम्परा भविष्य तक भी अनुशरण करत जाएके पडि, सभी वाग्मती प्रदेशवासी के माघे सङ्क्रान्ति के हार्दिक मङ्गलमय शुभकामना व्यक्त करत बानी", मुख्यमन्त्री पौडेल सन्देश मे कहले बानी।

**नारायणी सेन्ट्रल होस्पिटल बिरगंज प्रा लि**
अन्त होइन, नारायणी सेन्ट्रल होस्पिटल पुगौं, सानोदेखि ठूलो रोगको सहज उपचार रोजौं

| | |
|---|---|
| डा. राजिव यादव, MBBS, MD (ENDOCRINOLOGY & METABOLISM) | मधुमेह, थाइरोइड तथा हर्मोन रोग विशेषज्ञ |
| डा. अविनाश गिरि, MBBS, MD (INTERNAL MEDICINE) | कन्सलटेन्ट फिजीसियन |
| डा. [illegible] अख्तर, MBBS, MS (NEURO SURGERY) | वरिष्ठ न्यूरो सर्जन |
| डा. अजय कुमार यादव, MBBS, MS (ORTHO & NEURO) (FCSS SPINE SURGERY, JAPAN) | कन्सलटेन्ट हाड जोर्नी नश रोग तथा SPINE सर्जन |
| डा. प्रमिला गुप्ता यादव, MBBS, MD (OBS/GYNAE) | वरिष्ठ स्त्रीरोग तथा प्रसुति विशेषज्ञ |
| डा. अशोक कुमार गुप्ता, MBBS, MS (ENT & HNS) | कन्सलटेन्ट नाक, कान, गला (ENT) सर्जन |
| डा. संयुक्ता साह, MBBS, MS (OBS/GYNAE) | वरिष्ठ प्रसुति तथा स्त्रीरोग विशेषज्ञ परिवार नियोजन विशेषज्ञ |
| डा. अमित ठाकुर, MBBS, MS (PEDIATRICS & NEONATOLOGY) | नवजात शिशु तथा बालरोग विशेषज्ञ |
| प्रो. डा. के. एन. सिंह, MBBS, MS (GENERAL SURGERY) (FICS, USA) | वरिष्ठ जनरल सर्जन |
| डा. आकाश राय, MBBS, MS (GENERAL SURGERY) | वरिष्ठ जनरल सर्जन |
| डा. श्याम कुमार गुप्ता, MBBS, MD (PEDIATRICS & NEONATOLOGY) | नवजात शिशु तथा बालरोग विशेषज्ञ |
| डा. नितिन नेपाल, MBBS, MS (ORTHO & TRAUMA) | कन्सलटेन्ट हाड जोर्नी नश रोग |
| अन्य सेवाहरु उपलब्ध | वरिष्ठ मुटुरोग विशेषज्ञ र वरिष्ठ मूत्ररोग विशेषज्ञ |

नोट: हाम्रो यहाँ ECG, DIGITAL X-RAY, USG (VIDEO X-RAY) र ECHO नया प्रविधिबाट हुन्छ

नारायणी सेन्ट्रल डायग्नोस्टिक ल्याबमा पूर्ण रूपले सुसज्जित आधुनिक उपकरण र प्रविधि छ।

[illegible] KFT, LFT, LIPID PROFILE [illegible]

नारायणी सेन्ट्रल होस्पिटल बिरगंज प्रा लि
बिर्ता मन्दिरको ठिक सामुन्ने
फोन नं. [illegible]

**आजु के कहाउत :** एक हाथ के ककरी नौ हाथ के बिया।

# विदेशी खबर

## आयरल्याण्ड के प्रधानमन्त्रीद्वारा आमनिर्वाचन आह्वान

**समाचार एजेन्सी/ डब्लिन, १ माघ,**

आयरल्याण्ड के प्रधानमन्त्री लिओ भाराद्कार आमनिर्वाचन आह्वान कईले बानी । आवेवाला फेब्रुअरी ८ मे उ मंगर के दिने आमनिर्वाचन आह्वान कईल समाचार मे जनावल गईल बा ।

आयरल्याण्ड के सरकारी सञ्चार कार्यालयद्वारा जारी वक्तव्य के मुताविक प्रधानमन्त्री भाराद्कार आमनिर्वाचन आह्वान कईल मिति के बारेमे मन्त्रीपरिषद् के भी जानकारी करवले बानी ।

उ निर्वाचन आह्वान करत निर्वाचन के मिति घोषणा करेके आ निर्वाचन के खातिर निचलका सदन विघटन करे खातिर राष्ट्रपति मिचेल डी हिग्गीन्स सँगे भी परामर्श कईल वक्तव्य मे जनावल गईल बा ।

दुनु जने के परामर्श के आधार मे मंगर के दिने अबेर राष्ट्रपति हिग्गीन्स संसद् विघटन करेके घोषणा मे हस्ताक्षर भी कईले बानी ।

"हम हरदम कहत आईल रहनी, देश के खातिर निर्वाचन करेके ठिक समय आईल बा, अभी ई ठिक समय मे घोषणा भईल बा," भाराद्कार वक्तव्य मे कहले बानी ।

वक्तव्य मे उ सरकार के प्रमुख उपलब्धि के सारांश भी समावेश कईल समाचार मे जनावल गईल बा । उ आउर बहुते काम करे खातिर आवेवाला निर्वाचनमार्फत् खुद फेनु प्रधानमन्त्री मे निर्वाचन होखे चाहल भी उल्लेख कईले बानी ।

## पाकिस्तान नियन्त्रित काश्मिर मे ६२ के मृत्यु, २८ बेपत्ता आ ५३ घायल

**समाचार एजेन्सी/ इस्लामावाद, १ माघ,**

पाकिस्तान नियन्त्रित काश्मिर क्षेत्र मे वर्षात आ हिमपात सँगे भईल घटना मे पर के कम्ती मे ६२ जने के मृत्यु भईल बा ।

घटना के चलते आउर ५३ जने घायल भईल आ २८ जने भुलारहल अधिकारी मंगर के दिने जानकारी देहले बाडन । उलोग के मुताविक कुल ५८ गो घर पूर्णरुप मे क्षतिग्रस्त भईल बा आ आउर ८२ गो घर मे भी आशिक क्षति भईल बा ।

प्रकोप व्यवस्थापन कार्यालय के अधिकारी घटनास्थल से आउर विवरण आवेके क्रम जारी रहल आ खोजी तथा उद्धार काम हो रहल जनवले बा । देश के निलम उपत्यका मे सबसे बेसी हिमपात आ वर्षात के असर पडल बा । उ क्षेत्र मे मात्र ५९ जने के मृत्यु भईल अधिकारी बतवले बाडन । उलोग के मुताविक निलम उपत्यका मे मात्र ५३ जने घायल भईल बाडन आ ५० से बेसी घर क्षतिग्रस्त भईल बा ।

भुला रहल २८ जने के भी खोजी हो रहल जनावल गईल प्रकोप व्यवस्थापन कार्यालय के अहमद राजा क्वाद्री जानकारी देहनी । उ मृत्यु होखेवाला के सङ्ख्या आउर बढ सकेके भी बतवनी ।

काश्मिर मे कैयन हिउँपहिरो गईला विवरण आईल उनकर कहनाम बा । वर्षात आ हिमपात भईल क्षेत्र के प्रमुख सडक आ सञ्चार पूर्वाधार अवरुद्ध भईल बा । कैयन आदमी अनेकन जगहा मे फँसल जनावल गईल बा ।

उ क्षेत्र मे बितल समय बेर बेर प्राकृतिक विपद् अइला पर भी ई बेर विपद् बहुते घातक रहल रहे ।

खराब मौसम से पाकिस्तान के आउर भाग मे दर्जनो के मृत्यु भईल आ पडोसी देश भारत, अफगानिस्तान लगायत के देश मे भी प्रभाव पडल समाचार मे जनावल गईल बा ।

## राष्ट्रपति ट्रम्प विरुद्ध के महाभियोग सम्बन्धी प्रस्ताव सिनेट मे अगाडि बढी

**समाचार एजेन्सी/ वासिङ्टन, १ माघ,**

अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रम्प के महाभियोग सम्बन्धी प्रस्ताव एक हप्ता भितर सिनेट मे अगाडि बढावे के जनावल गईल बा ।

आवेवाला सात दिन भितर मे उ प्रस्ताव अगाडि बढेके समाचार मे जनावल गईल बा । ओकर बुध के दिने अमेरिकी संसद् के निचलका सदन हाउस अफ रिप्रेजेन्टेटिभ से लगावल उनका उपर के महाभियोग सम्बन्धी जानकारी सिनेट मे पठावल बा । सिनेट अमेरिकी संसद् के उपरला सदन ह । उहाँ १०० जने सांसद रहीहें । उलोग दु तिहाइ बहुमत से राष्ट्रपति ट्रम्प के महाभियोग लगा सकता ।

ई महाभियोग प्रस्ताव उपर के समग्र प्रक्रिया के नेतृत्व अमेरिका के प्रधानन्यायाधीश से करेवाला बानी कानुनी प्रावधान मुताविक हि उनका के भी ई विषय मे सहभागी करावल जाई आ उ प्रक्रिया इहे हप्ता से हि शुरु होखेके भी सिनेट के एक जने अधिकारी जानकारी देहले बानी ।

इहे हप्ता के बियफे के दिने भा शुक तक मे अमेरिका के सर्वोच्च अदालत के प्रधानन्यायाधीश जोन रोबर्ट सिनेट मे होखेवाला ई सम्बन्धी महाभियोग प्रक्रिया के अध्यक्षता के सपथ लेवेके कार्जक्रम बा ।

ई महाभियोग प्रक्रिया के अध्यक्षता अमेरिकी सर्वोच्च अदालत के प्रधानन्यायाधीश से ग्रहण करेके कानुनी प्रावधान रहल बा । अइसे ई महाभियोग मे मतदान होखे से पहिले हि कुछ प्रक्रिया रही ।

उ प्रक्रिया पूरा कईला पर एहितरे आवेवाला फेब्रुअरी महिना के अन्त्य तक मे लागेके बतावल गईल बा । सिनेट के अधिकारी इहे हप्ता से हि उनका विरुद्ध के महाभियोग के प्रक्रिया प्रारम्भ होखेके जानकारी करवले बाडन । एकरा से पहिले बितल महिना मात्र अमेरिकी संसद के निचलका सदन हाउस अफ

(बांकी चौथा पृष्ठमे)

## 'भाषा संस्कृति के रक्षा कईल अब के चुनौती' : मुख्यमन्त्री शाही



सुर्खेत, १ माघ,

कर्णाली प्रदेश के मुख्यमन्त्री महेन्द्रबहादुर शाही भाषा, संस्कृति एवं अनेकन जातजाति के वेषभूषा के संरक्षण कईल अब के चुनौती रहल बतवले बानी । नेपाल मगर सङ्घद्वारा वीरेन्द्रनगर नगरपालिका-९ मे निर्माण होखेवाला मगर सांस्कृतिक सङ्ग्राहालय के आजु शिलान्यास करत उ आयातित संस्कृति के नक्कल ना करके सभी नेपाली आपन आपन जातजाति के वेषभूषा के प्रयोग करेके बतवनी ।

मुख्यमन्त्री शाही देश के सामाजिक, राजनीतिक परिवर्तन मे मगर समुदाय के योगदान महत्वपूर्ण रहल उल्लेख कइनी । राजनीतिक आन्दोलन समाप्त भईल कहत उ अब आपन समुदाय के पहिचान रक्षा करेके ओरी ध्यान देवेके बिचार रखनी । "मगर संस्कृति के रक्षा आउर कउनो जाति आ समुदाय से ना करीहन, अपनेलोग खुदे करीं, मगर भाषा लोप होखे लागल बा", कहत उ, "भाषा लिपि तइयार करीं, बेटाबेटीलोग के पढाई, आपन भाषा उपर गौरव करीं ।" बजेट कमी के चलते सङ्ग्राहालय निर्माण मे अवरोध ना होखेके उनकर कहनाम रहे ।

"बहुउद्देश्यीय प्रकृति के दीर्घकालीन संरचना बनाई, प्रदेश सरकार बजेट कमी होखे ना दि", मुख्यमन्त्री शाही कहनी । मगर सङ्घ के संस्थापक अध्यक्ष अनरी क्याप्टेन जहरसिंह थापा निःशुल्क दान कईल दु कठा जमिन मे रु तीन करोड ६८ लाख ६८ हजार लागत मे सङ्ग्राहालय निर्माण शुरु कईल गईल बा ।

निर्माण समिति के संयोजक आशुराम सोमैमगर प्रदेश सरकार रु ७५ लाख, सुर्खेत के सांसद नवराज रावत रु १० लाख आ मगर समुदाय से चन्दा सहजोग करके करीब रु एक करोड ५० लाख सङ्कलन भईल बतवनी । विद्युतीय सिढी सहित के पाँचतले भवन मे प्रादेशिक मगर सङ्ग्राहालय, पार्टीप्यालेस, पुस्तकालय, मगर सङ्घ के प्रशासनिक भवन, सङ्घअन्तर्गत के भातृ संस्था के कार्यालय, बुद्ध पूजाकक्ष आ सभाहल रही । भवन परिसर मे जग्गादाता जहरसिंह थापा के अर्धकद के प्रतिमा राखल जाई ।

## देउवाद्वारा मकर सङ्क्रान्ति के शुभकामना



काठमाण्डु, १ माघ,

नेपाली काँग्रेस के सभापति शेरबहादुर देउवा 'मकर सङ्क्रान्ति/माघे सङ्क्रान्ति' के अवसर मे शुभकामना व्यक्त कईले बानी । उ शुभकामना सन्देशमार्फत ई पर्व से सभी के घरपरिवार मे सुख, शान्ति आ समृद्धि के वातावरण सिर्जना करत सामाजिक सद्भाव अभिवृद्धि करे खातिर प्रेरित करे सको कहके शुभकामना देहले बानी । माघ १ गते 'मकर सङ्क्रान्ति/माघे सङ्क्रान्ति' के नेपाल के अनेकन जातजाति से विशेष पर्व के रूप मे मनावत आईल बाडन । नेपाल प्राचीनकाल से अनेकन जातजाति के बसोबास के सङ्गमस्थल ह । ओहिसे इहाँ अनेकन भाषा, अनेकन धर्म, अनेकन संस्कृति आ चाडपर्व के आपन अलगे विशेषता रहल तथा एक से दोसर के ई हरेक विषय के आदर आ सम्मान करेके विशिष्ट परम्परा रहल पूर्वप्रधानमन्त्री भी रहल देउवा उल्लेख कईले बानी ।

भौगोलिक, जातीय आ सांस्कृतिक विविधता मे रहल नेपाल मे मनावेवाला ई पर्व आपन धर्म, संस्कृति, रीतिरिवाज आ परम्परा के संरक्षण मे लागे खातिर सभी के प्रेरित करत सामाजिक सद्भाव बढाव के काम मे कोशेढुङ्गा सावित भईल सभापति देउवा शुभकामना सन्देश मे उल्लेख कईले बानी ।

## सामाजिक, सांस्कृतिक तथा आर्थिक परिवर्तन लियावे के बाँकी बा : नेपाल

सर्लाही, १ माघ,

नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (नेकपा) के वरिष्ठ नेता तथा पूर्वप्रधानमन्त्री माधवकुमार नेपाल राष्ट्रियसभा के उम्मेदवार के दायाँबायाँ ना करके मतदान करेय खातिर निहोरा कईले बानी ।

जेवी टुहुरे के 'निरन्तरता भाग चार' कार्जक्रम के सम्बोधन करे खातिर सर्लाही आईल नेता नेपाल देशभक्ति के भावना सहित नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (नेकपा) आ राजपा के संयुक्त गठबन्धन से खडा भईल चार उम्मेदवार के आपन मतदाता से दायाँबायाँ ना करके मतदान करेके आ जिता के सामाजिक, सांस्कृतिक तथा आर्थिकरूप मे परिवर्तन लियावे मे सहजोग करे खातिर निहोरा कइनी । ईहे माघ ९ मे होखेवाला राष्ट्रियसभा के निर्वाचन मे प्रदेश नं २ से नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (नेकपा) से राधेश्याम पासवान आ तुलसा दाहाल साथे राजपा से मृगेन्द्रकुमार सिंह यादव आ शेखरकुमार सिंह करके नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (नेकपा) आ राजपा के संयुक्त गठबन्धन से चार जने चुनावी मैदान मे रहल बानी ।

उ सामाजिक, सांस्कृतिक तथा आर्थिक परिवर्तन मे गीतसङ्गीत के बडका महत्व रहल आ टुहुरे से पञ्चायतीकाल से हि सामाजिक, सांस्कृतिक तथा आर्थिक परिवर्तन लियावे खातिर गीतसङ्गीत के यात्रा मे लागेके बतवनी ।

पूर्वप्रधानमन्त्री नेपाल पञ्चायतीकाल विरुद्ध राजनीतिक सिद्धान्त के सार्थक बनावे खातिर गीतसङ्गीत के रूप मे परिमार्जन करके नेपाली राजनीति मे परिवर्तन लियावे खातिर आउर टुहुरे जनमल जरुरी रहल बतवनी ।

सर्लाही के हरिवन नगरपालिका-५ मे रहल चेतना सन्देश नेपालद्वारा सञ्चालित द्वन्द्वपीडित बालगृह मे मंगर से सुरु भईल चौतारी साँझ कार्जक्रम के सम्बोधन करे खातिर आजु सर्लाही आईल पूर्वप्रधानमन्त्री नेपाल आ श्रम रोजगार तथा सामाजिक सुरक्षामन्त्री रामेश्वर राय यादव समक्ष उखु किसान से खुदसब के उखु के बाँकी बक्यौता ना मिलल सिकाईत कइले रहनी । जनता के विश्वास इमान्दारीसाथ पूरा करेके नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी (नेकपा) के केन्द्रीय सदस्य तथा श्रम रोजगार तथा सामाजिक सुरक्षामन्त्री राय प्रतिबद्धता जनवनी ।

जेवी टुहुरे फाउण्डेशन के आयोजना मे भईल कार्जक्रम मे

(बांकी दुसरका पृष्ठमे)

## मुख्यमन्त्री .........

घ्यूचाकु तिल के लड्डु आ खिचडी लगायत के परिकार खाके मनोरञ्जनपूर्वक खुशी साटासाट करके मनावेवाला ई चाड से हमनी नेपाली बीच बन्धुत्व एकता आ सद्भाव कायम राखेमे मद्दत पुगईले बा", सन्देश मे उ कहले बानी, "देश मे मनावेवाला अइसन चाडपर्व आ संस्कृतिसब के संरक्षण तथा संवर्द्धन कईल हमनी सभी के दायित्व ह ।"

मुख्यमन्त्री राई अइसन चाड से नेपालीबीच शान्ति, एकता, सद्भाव आ सहिष्णुता कायम करत स्वच्छ, सुखी आ समुन्नत प्रदेश निर्माण मे प्रेरणा मिलो कहके हार्दिक शुभकामना व्यक्त कईले बानी ।

## लईकालइकी ......

निहोरा कईले बानी । माघे सङ्क्रान्ति के अवसर मे राष्ट्रपति भवन शीतल निवास मे आजु आयोजना कईल 'लइकालइकी सँगे राष्ट्रपति' कार्जक्रम मे उ शिक्षा आ स्वास्थ्य के साथे असल नागरिक बनावेके उनका उपर लगानी बढावेके आ देखभाल मे कउनो कमजोरी भईला पर विशेष ध्यान देवे खातिर संसद् आ सरकार से ध्यान देवेके विश्वास व्यक्त कइनी ।

उ खुद एकदिन भईला पर भी मकर सङ्कान्ति के अवसर मे लइकालइकी सँगे मनोरञ्जन आ उलोग के अभिभावकत्व देवेके मिलला पर खुशी भईल बतवनी । नेपाल बाल सङ्गठन के लइकालइकी शीतल निवास परिसर आ राष्ट्रपति निवास अवलोकन के बाद आयोजना कईल कार्जक्रम मे अनेकन गीत आ नृत्य भी प्रस्तुत कईले रहलन । एहितरे पद्मकन्या बहुमुखी क्याम्पस के लइकी भी विशेष नृत्य प्रस्तुत कईले रहलन । शीतल निवास मे लइकालइकी के माघी पर्व मे खाएवाला मिष्ठान्न भोजन करावल गईल रहे ।

बितल समय मे माघी के अवसर मे राजनीतिक दल के नेता सँगे भेटघाट तथा चायपान कार्जक्रम राखत अईला मे पिछिलका दु बरीस एने राष्ट्रपति आजु के दिन लइकालइकी सँगे बितावत आईल बानी । लइकालइकी के हित के खातिर राष्ट्र के ध्यान खिंचो कहके प्रकृति आ संस्कृति सँगे जुडल माघी पर्व के अवसर मे भेटघाट कार्जक्रम राखल गईल जनावल गईल बा ।

## देश के ..............

लाहाचोक के खेलमैदान गाँवपालिका आ खेलकूद के केन्द्र बनेके सम्भावना रहल बतवनी । अखिल नेपाल फुटबल सङ्घ के उपाध्यक्ष कृष्ण थापा माछापुच्छ्रे के भैँडाबारी मे अखिल नेपाल फुटबल सङ्घ (एन्फा) से प्राविधिक केन्द्र बनावे लागल जानकारी देहनी । भिजन लुम्बिनी के अध्यक्ष जगत पोखरेल युवा के रोजगारी तथा लगानी मे जोडेके उद्देश्य से सेती नदी मे २५ मेघावाट जलविद्युत् आयोजना निर्माण शुरु करे लागल जानकारी देत सहजोग के खातिर निहोरा कइनी ।

इहे माघ ६ गते तक सञ्चालन होखेवाला प्रतियोगिता मे गण्डकी के अनेकन जिल्ला से करके १२ टोली के सहभागिता रहल बा । माछापुच्छ्रे त्रिशक्ति क्लब आ बागलुङ जिल्ला फुटबल सङ्घबीच आजु भईल उद्घाटन खेल मे आयोजक त्रिशक्ति क्लब विजयी भईल बा ।

तोकल समय मे दुनु टोली से एक/एक गोल भईला के बाद पेनाल्टी सुट आउट मे ४/३ गोल अन्तर से बागलुङ के आयोजक टोली पराजित कईले बा । प्रतियोगिता के विजेता रु एक लाख ५५ हजार ५५५, ट्रफी तथा उपविजेता से रु ७७ हजार ७७७ पुरस्कार तथा ट्रफी प्राप्त करेके क्लब के अध्यक्ष नीरज शाही जानकारी देहनी । उत्कृष्ट गोलरक्षक, डिफेन्स, मिडफिल्डर, स्ट्राइकर, आ सर्वाधिक गोलकर्ता के भी नगद पुरस्कार प्रदान करेके बतावल गईल बा ।

## विविध ..............

प्रयास कईल स्मरण करत उ संविधान जारी होखे से पहिले थारु के मधेशी मे राखल बतवनी । अध्यक्ष दाहाल संविधान परिवर्तनशील आ सम्झौता के दस्तावेज भईला के चलते जनता के अधिकार प्राप्ति के खातिर पार्टी से सङ्घर्ष जारी राखेके विश्वास व्यक्त कइनी । अध्यक्ष दाहाल आदिम युग से समाजवाद तक के परिवर्तन एके बेर ना भईल बतावत मिलल उपलब्धि के प्रयोग करके नयाँ अधिकार प्राप्त के खातिर अगाडि बढेके बतवनी ।

लोकतान्त्रिक गणतन्त्र प्राप्त करेके समय मे थारु समुदाय के त्याग आ सहजोग उल्लेखनीय रहल बतावत अध्यक्ष दाहाल राजनीतिक आस्था के आधार मे बन्दी भईल सभी के छुटावे के प्रतिबद्धता व्यक्त कइनी ।



गढीमाई के भाकल कईला पर अगहन के मेला मे बली ना देवे सकला के चलते अभी खिचडी के मेला बली देवे खातिर लेजारहल पाडा। **फोटो : प्रभु यादव/बारा**

# 'योग से आदमी के वास्तविक जीवनशैली अपनावे मे सहजोग'

काठमाण्डु १ माघ,

परराष्ट्रमन्त्री प्रदीपकुमार ज्ञवाली योग के जीवन अभिन्न अङ्ग बनावे के बतवले बानी। राष्ट्रिय योग मूल समारोह समिति से आजु इहाँ आयोजना कईल राष्ट्रिय योग दिवस, मकर सङ्क्रान्ति मूल समारोह कार्जक्रममा उ योग से आदमी के वास्तविक जीवनशैली अपनावे मे सहजोग करेके बतवनी।

उ आधुनिकता सँगे समाज मे बहुते तनाव बढल कहत ओकरा के कम करे खातिर योग, ध्यान आ विपश्यना हि उपयुक्त माध्यम भईल बतवनी। उ निरोगी, शान्त आ सौहार्दपूर्णरूप मे जीवन के खातिर योग हि रहल उल्लेख करत योग के विद्यालय तह के पाठचक्रम मे समावेश करेके बतवनी। आधुनिक चिकित्सा से ईलाज ना भईल समय प्राकृतिक चिकित्साअन्तर्गत योग करके हि हमनी




के पुर्खा से ईलाज कईल उनकर कहनाम रहे। स्वास्थ्य तथा जनसङ्ख्यामन्त्री भानुभक्त ढकाल सरकार बेमारी होखे ना देवे खातिर अभियान मे रहल बतवनी। उ योग, ध्यान जइसन प्राकृतिक ईलाज के खुद से प्राथमिकता मे राखल बतवनी।

शिक्षा, विज्ञान तथा प्रविधिमन्त्री गिरिराजमणि पोखरेल प्राकृतिक चिकित्सा आ योग शिक्षा के आवेवाला शैक्षिकसत्र से विद्यालय तह मे समेटे के बतवनी। उ योग के हि प्राथमिकता मे राख के सरकार योगमाया आयुर्वेद विश्वविद्यालय स्थापना के खातिर संसद् के हिउँदे अधिवेशन मे विश्वविद्यालय सम्बन्धी विधेयक दर्ता करेके बतवनी। उ योग के सप्ताहरूप मे ना होके बरीस भर अभियान के रूप मे सञ्चालन करेके तइयारी भी कईल बतवनी।

कार्जक्रम मे पतञ्जलि योग समिति के अध्यक्ष सुर्दशन सुवेदी मन के स्थिर राखेके आ तनाव से मुक्त होखे खातिर योग करेके बतवनी। स्वामी आनन्द अरुण गौतम बुद्ध जनमल दिन के योग दिवस मनावे के बतवनी। ब्रह्मकुमारी कुसुम योग से जीवन के सुखी बनावे के बतवनी। आर्ट अफ लिभिङ के अच्युत गौतम योग के माध्यमिक तह तक के शिक्षा मे समावेश करेके बतवनी।

उहे अवसर मे योग क्रियाकलाप कइसे करेके कहके बारेमे मन्त्रालयद्वारा गठित राष्ट्रिय योग अभ्यासक्रम के संयोजक सोनाम साथी मन्त्री पोखरेल के योगाभ्यास पुस्तिका हस्तान्तरण कईले रहनी। पुस्तिका मे योगाभ्यास के चरणसब उल्लेख कईल गईल बा।

एहितरे समारोह के सक्रियता मे सबेरे प्रभातफेरी कईल गईल रहे। पद्मोदय माध्यामिक विद्यालय से शुरु भईल प्रभातफेरी पुतलीसडक, बागबजार, रत्नपार्क होतु राष्ट्रिय सभागृह मे आईल रहे। प्रभातफेरी मे योग सँगे सम्बन्धित सङ्घसंस्था के सहभागिता रहल रहे। सरकार हरेक माघ १ गते के योग दिवस के रूप मे मनावत आईल बा। आजु देश भर 'राष्ट्रिय एकता : योग के सान्दर्भिकता' कहके मूल नारा के साथ पाँच वाँ राष्ट्रिय योग दिवस देशभर अनेकन कार्जक्रम करके मनावल गईल बा।

## *राष्ट्रपति ...........*

रेप्रेजेन्टेटिभ्स ट्रम्प आपन शक्ति के दुरुपयोग कईल कहके आरोप के पक्ष मे मतदान कईले रहे। उ ट्रम्प विरुद्ध के दु महाभियोग के आरोप मेसे एगो रहे। उ महाभियोग प्रस्ताव मे भईल मतदान मे महाभियोग लगावे के पक्ष मे २३० मत पडल रहे आ विपक्ष मे १९७ मत पडल रहे। अममेरिकी राजनीतिक पार्टी के एजेण्डा मुताविक हि मत गिरल बतावल गईल रहे।

उ प्रस्ताव मे अधिकांश डेमोक्रचाट सदस्य से आरोप के पक्ष मे आ रिपब्लिकन से आरोप के विपक्ष मे मत डलले रहलन। राष्ट्रपति ट्रम्प अब महाभियोग के दुसरका आरोप के रूप मे रहल कङ्ग्रेस के अवरुद्ध बनावल विषय मे भी मतदान के सामना करेके देखल गईल बा।

डोनाल्ड ट्रम्प अमेरिकी संसद् के निचलका सदन हाउस अफ रेप्रेजेन्टेटिभ्स से महाभियोग लगावल गईल तिसरका अमेरिकी राष्ट्रपति बनल बानी। उ मुद्दा उपरला सदन सिनेट मे प्रवेश कईला के बाद करेवाला महाभियोग के प्रस्ताव उपर के मतदान उ राष्ट्रपति रहेके भा ना रहेके बारेमे निर्णय करी। एहितरे फ्रान्स के राष्ट्रपति एम्यानुएल म्याक्रौँ लिबिया के सङ्कट समाधान के खातिर उहाँ तत्काल युद्धविराम करे खातिर निहोरा कईले बानी। उ अन्तरराष्ट्रिय समुदाय के भी लिबिया के सङ्कट समाधान के खातिर जरुरी वातावरण निर्माण करे खातिर आ युद्धविराम के खातिर लिबिया के सङ्कटका सभी पक्ष के तइयार करेके वातावरण निर्माण करे खातिर निहोरा कईले बानी। लिबिया मे बढत जा रहल सङ्कट के बारे मे फ्रान्सेली राष्ट्रपति म्याक्रौँ कुछ दिन एने से अन्तरराष्ट्रिय समुदाय से छलफल आ परामर्श करत आईल बानी। उ एतवार के दिने मात्र भी अनेकन देश के नेता सँगे इहे विषय मे जरुरी परामर्श आ छलफल कईले रहनी। उ एतवार के दिने मात्र भी रुस के राष्ट्रपति भ्लादिमिर पुटिन सँगे टेलिफुन मे बातचीत कईले बानी।

फ्रान्सेली राष्ट्रपति के कार्यालय से देहल जानकारी मुताविक उ लिबिया मे जारी रहल सङ्कट के अन्त्य के खातिर सब से भी युद्धविराम के जरुरत रहल आ ओकरा बाद शान्तिवार्ता के माध्यम से अगाडि बढे सकेके बिचार रखले बानी। फ्रान्सेली राष्ट्रपति के कार्यालयद्वारा जारी वक्तव्य मे उ विषय मे रुसी राष्ट्रपति भ्लादिमिर पुटिन भी लिबिया के सङ्कट समाधान मे आपन ओरी से सहजोग करेके प्रतिबद्धता व्यक्त कईले रहनी।

## *नयाँ .................*

के समाजसेवी तथा अनुप दीप्नि मावि कोल्हवी के जग्गादाता विपिन चौधरी प्रमुख अतिथि रहनी।

विशिष्ट अतिथि मे जनकपुर उच्च अदालत अस्थायी इजलास वीरगंज के न्यायाधीश सत्यमोहन जोशी थारू, प्रदेश नं २ के प्रदेश सांसद शंकर चौधरी, अतिथिलोग थारू कल्याणकारी समिति के केन्द्रीय पार्षदलोग राजेन्द्र महतो थारू, नन्दकिशोर पञ्जियारयार, गण्डक अस्पताल के सञ्चालक तथा नेकपा वीरगंज के अध्यक्ष रहबर अन्सारी, एलएस न्यूरो अस्पताल के न्यूरो सर्जन डा श्यामबाबू पटेल, आदर्श थारू छात्रावास वीरगंज के जग्गादाता जुगेश्वर चौधरी, नेपाल पत्रकार महासंघ पर्सा के अध्यक्ष श्याम बन्जारा, प्रेस सङ्गठन पर्सा के अध्यक्ष नीरज पीठाकोटे लगायत के लोग आपन आपन बिचार रखले रहनी।

कार्जक्रम के बारे मे अमयदास थारू प्रकाश परले रहनी। महोत्सव मे वीरगंज के अनेकन निजी विद्यालय के लइकालइकी सांस्कृतिक कार्जक्रम प्रस्तुत कईले रहलन। उ अवसर मे थारू जनानीलोग थारू लोक नृत्य घाँटो प्रस्तुत कईले रहली।

## *जिल्ला ..............*

समाज पर्सा के सहकार्य मे पुस २८ गते से सुरु भईल ३ दिने योग शिवीर पुरा भईल स्वास्थ्य केन्द्र वीरगंज के प्रशासन प्रमुख तथा वरिष्ठ कबिराज निरिक्षक नागेन्द्र पटेल बतवनी।

पर्सा के निमित प्रमुख जिल्ला अधिकारी ललित कुमार बस्नेत के प्रमुख आतिथ्यता मे भईल शविर मे उप-अनुसन्धान निर्देशक कुमार खड्का, बारा जिल्ला के आयूर्वेद प्रमुख डा. शिवशंकर राय, पर्सा के डाक्टर रमेश मिश्रा लगायत कार्यालय मे कर्यरत कर्मचारी, पतंजली पर्सा के पदाधिकारी, व्यापारी लगायत सर्वसाधारण के सहभागिता रहल रहे।

शिविर मे भारतीय महावाणिज्य राजदुतावास वीरगंज के योग गुरु श्री पार्थ सारथी, कृष्ण ज्यू योग प्रशिक्षण देहले रहनी आ सहजोगी मे धिरेन्द्र कुमार सिंह रहल रहनी। शिविर स्थल मे स्वास्थ्य केन्द्र वीरगंज के आयोजना मे खुनदान कार्जक्रम भी भईल रहे। उ कार्जक्रम मे ९ जने खुनदान कईल रक्त संचार केन्द्र वीरगंज के प्रमुख सौरभ राज पाण्डे बतवनी। रक्त संचार केन्द्र के डिली माया श्रेष्ठ नेतृत्व के टोली प्राविधिक सहजोग कईले रहे।

# मुख्यमन्त्री राईद्वारा माघे सङ्क्रान्ति आ यले संवत् के शुभकामना



विराटनगर, १ माघ,

प्रदेश नं १ के मुख्यमन्त्री शेरधन राई माघे सङ्क्रान्ति तथा माघीपर्व-२०७६ आ यले संवत् ५०८० के अवसर मे स्वदेश तथा विदेश मे रहल सभी नेपाली दाजुभाइ दिदीबहिन मे सुख, शान्ति समृद्धि एवं उत्तरोत्तर प्रगति के खातिर हार्दिक शुभकामना व्यक्त कईले बानी।

उ आजु जारी कईल शुभकामना सन्देश मे कहल गईल बा, "नेपाल बहुजातीय, बहुभाषिक, बहुसांस्कृतिक, बहुधार्मिक विशेषता से भरल सुन्दर देश ह। जातीय तथा धार्मिक सांस्कृतिक विविधता से सम्पन्न हमनी के देश मे मकर सङ्क्रान्ति, माघीपर्व तथा यले संवत् के अनेकन समुदाय आपन मुख्य पर्व आ बरीस के रूप मे हर्षोल्लासपूर्वक धुमधाम से मनावेलन।"

मुख्यमन्त्री राई नेपाल के हरेक जातजाति आ धर्मावलम्बी के आपन आपन सांस्कृतिक महत्व राखल मौलिक चाडपर्व बा आ ई पर्व से नयाँ उमङ्ग आ उत्साहसाथ एक आपस मे एकता तथा भाइचारा स्थापित करेय खातिर महत्वपूर्ण भूमिका खेलत आईल सन्देश मे उल्लेख कईले बानी।

"तरुल लगायत के कन्दमुल,

*(बांकी तीसरा पृष्ठमे)*

# विविध पर्व से राष्ट्रिय संस्कृति के सम्पन्न बनवले बा : अध्यक्ष दाहाल



काठमाण्डु १ माघ,

नेपाल कम्युनिष्ट पार्टी के अध्यक्ष पुष्पकमल दाहाल 'प्रचण्ड' सभी जात आ समुदाय के संस्कृति तथा पर्व से राष्ट्रिय संस्कृति के सम्पन्न बनावल बतवले बानी।

माघी महोत्सव के अवसर मे आजु इहाँ आयोजना कईल कार्जक्रम मे अध्यक्ष दाहाल विविधता भितर के एकता से राष्ट्रियता के बरियार बनावे के बतावत मकर सङ्क्रान्ति के सभी से अनेकन रुप से स्वीकारला पर भी थारु जात से अभिभावक चुनेके, वर्षदिनभर के खातिर कार्ययोजना अनुमोदन करेके विशिष्ट परम्परा रहल चर्चा कइनी।

थारु जात के मौलिक संस्कृति के चलते उलोग के अलगे पहिचान देवे खातिर बितल समय मे खुद सकेभर

*(बांकी तीसरा पृष्ठमे)*

# देश के ध्यान खेलकूद मे आकर्षित भईल बा : मन्त्री विश्वकर्मा



कास्की, १ माघ,

युवा तथा खेलकूदमन्त्री जगतबहादुर विश्वकर्मा नेपाल मे पुरा भईल १३ वाँ दक्षिण एशियाली खेलकूद प्रतियोगिता(साग) से देश के गौरव बढावल बतवले बानी। कास्की के माछापुच्छ्रे गाँवपालिका-४ लाहाचोक मे आजु से शुरु भईल 'माछापुच्छ्रे त्रिशक्ति युनाइटेड कप' गण्डकी प्रदेशस्तरीय फुटबल प्रतियोगिता के उद्घाटन कार्जक्रम मे उ साग खेलकूद के सफलता सँगे नेपाल आ नेपाली के प्रतिष्ठा, इज्जत आ गरिमा अन्तर्राष्ट्रिय क्षेत्र मे स्थापित भईल बतवनी।

पिछिलका समय मे खेलकूद से सिङ्गो देश के प्रतिष्ठा उपर उठल महसुस भईल बतावत मन्त्री विश्वकर्मा कहनी कि, "सभी देश के ध्यान फेनु एक बेर खेलकूद क्षेत्र उपर आकर्षित भईल बा। खेलकूद के विकास के खातिर चारु ओरी से चासो, अभिरुचि बढल बतवनी।"

खेल क्षेत्र के विकास आ विस्तार के खातिर सरकार नयाँ तरिका से सोंचल उल्लेख करत मन्त्री विश्वकर्मा ७५३ गो पालिका मे एक/एक गो दीर्घकालीन महत्व के स्थानीय तह के रङ्गशाला बनावे के योजना बजेट कार्जक्रम मे उल्लेख कईला से इहे महिना से काम शुरु होखेके जानकारी देहनी। मन्त्रालय हरेक खेलग्राम निर्माण के खातिर रु ५० लाख बजेट विनियोजन कईल जानकारी भी देहनी। सङ्घ आ प्रदेश सरकार से चालू बरीस मे इतिहास मे पहिलका बेर आपन निर्वाचन क्षेत्र रहल कास्की-३ मे शिक्षा, स्वास्थ्य तथा खेलकूद लगायत के विषय मे सर्वाधिक बजेट विनियोजन भईला से समय मे निर्माण पुरा करेके मन्त्री विश्वकर्मा जोड देहनी। गण्डकी प्रदेशसभा सदस्य पुष्पा केसी भण्डारी साग के सफलता से विश्व से आँखा खोल के देखेके जगहा मे नेपाल रहल बतावत इहाँ के पर्यटन प्रवर्द्धन मे भी सहजोग कईल बतवनी। गाँवपालि के अध्यक्ष कर्णबहादुर गुरुङ

*(बांकी तीसरा पृष्ठमे)*